

Pendekosti

Mabasa Avapostori 2:1-8, 41

1. Mutambo wePendekosti yaiva nguva yokupemberera maropafadzo aMwari. Ndivanani vaiuya kumutambo uyu? (*VaJuda vose pasi pose vaiuya KuJerusarema.*)
2. Izwi rudzii rakanzwikwa? (*Izwi rakaita seremhepo huru.*)
3. Ko vaApostora ndivo voga vakanzwa izwi iri here? (*Kwete, navaJuda vaitya Mwari vaiva muJerusarema vakarinzwavo.*)
4. Ko Mweya Mutsvene akaratidzika sei? (*Semarimi emoto.*)
5. Ko vadzidzi vakwanisa kuitei mushure mekunge Mweya Mutvene auya? (*Vakakwanisa kutaura nemitauro yavose vaivapo.*)
6. Ko vatendi vakaiteiko? (*Vanhu vazhinji-zhinji vakaungana vachishamiswa zvikuru.*)
7. Vanhu vangani vakabhapatidzwa nomusi uyu? (*Zviuru zvitatu.*)
8. Ko Mweya Mutsvene anoitei muupenyu hwako? (*Anokuchengeta mukutenda. Anokupa simba rokugona kureregera zvivi zvavamwe vanokutadzira.*)

Kuuya kwaMweya Mutsvene



Akavafemera akati, “Gamuchirai Mweya Mutsvene.” Johani 20:22

Jesu anozviratidza kuVadzidzi Vake

19 Madekwana ezuva rokutanga revhiki, vadzidzi pavakanga vari pamwe chete, mikova yakazarirwa nokuda kwokutya vaJudha, Jesu akauya akasvikomira pakati pavo akati, “Rugare ngaruve kwamuri!”
20 Shure kwokutaura izvi, akavaratidza maoko ake naparutivi pake. Vadzidzi vakafara zvikuru pavakaona Ishe.
21 Jesu akatizve kwavari, “Rugare ngaruve kwamuri! Sezvo Baba vakandituma, ndiri kukutumaiwo.” 22 Uye adaro akavafemera akati, “Gamuchirai Mweya Mutsvene. 23 Kana muchiregerera ani zvake zvivi zvake, zvicharegererwa; kana musingavaregereri, havaregererwi.”

Mweya Mutsvene Unouya nomusi wePentekosti

1 Zuva rePentekosti rakati rasvika, vakanga vakaungana vose panzvimbo imwe chete.

2 Pakarepo kutinhira sokwemhepo inovhuvhuta nesimba kwakabva kudenga uye kukazadza imba yose yavakanga vagere.
3 Vakaona zvakanga zvakaita sendimi dzomoto dzakaparadzana uye dzikamhara pamusoro pomumwe nomumwe wavo. 4 Vose vakazadzwa noMweya Mutsvene uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi sokupiwa kwavakaitwa noMweya.

5 Zvino muJerusarema maigara vaJudha vaitya Mwari vaibva kundudzi dzose pasi pedenga. 6 Vakati vanzwa mutinhiro uyu, vazhinji vakaungana pamwe chete vachishamiswa, nokuti mumwe nomumwe akavanzwa vachitaura norurumi rwake chairwo.

7 Vakashamiswa kwazvo, vakabvunzana vachiti, “Ko, vanhu ava vose havasi vaGarirea here vari kutaura? 8 Zvino seiko mumwe nomumwe wedu achivanzwa nomutauro waakaberekwa nawo?”

41 Avo vakagamuchira shoko rake vakabhabhatidzwa, uye pazuva iro, vanhu vanenge zviuru zvitatu vakawedzerwa pauwandu hwavo.